

Sa k ap pase?

Yo pral demoli otowout ki pase anlè a (McCarthy Overpass) sou McGrath Highway (Wout 28), epi yo pral refè li kòm nouvo "McGrath Boulevard" la - ki pral yon wout ki pase nan nivo teren an pou moun mache, monte bisiklèt, pran otobis, ak kondwi oto.

Pou kisa sa ap fèt?

- McCarthy Overpass ap vin ansyen, kidonk li pa pral kapab rete ankò
- McGrath Highway pa aksesib, epi li genyen plis bann sikilasyon pou oto pase sa nesesè, datre volim trafik la
- Pon ki pase anlè wout ak granwout la tankou yon baryè ant katye yo

Objektif Pwojè a



Amelyorasyon sekirite pou sipòte objektif Vizyon Sewo yo



Amelyorasyon konnektivite ant katye yo ak enstalasyon ki toupre yo



Enfrastriki rezistan pou koresponn avèk chanjman nan klima a



Amelyorasyon pou pyeton ak bisiklèt pou sekirite ak konfò


Aprann plis, epi enskri pou resevwa dènye enfòmasyon yo!

Ale nan adrès www.mass.gov/mcgrath-boulevard-project

Kesyon ouben kòmantè?

MassDOTMcgrathBlvd@dot.state.ma.us

Kote Pwojè a ap Fèt



Toude pon ki pase anlè ray yo pral rete.



Pwojè McGrath Boulevard

Dokiman Enfòmasyon sou Pwojè

massDOT
Massachusetts Department of Transportation
Highway Division

Eleman Enpòtan nan Modèl la

- Yo pral retire yon bann sikilasyon nan direksyon nò ak nan direksyon sid, pou kite 2 bann pou tout sikilasyon nan chak direksyon.
- Yo pral enstale bann sikilasyon separe ak pwoteje pou bisiklèt nan chak direksyon.
- Konneksyon pou pyeton ak pou bisiklèt yo pral amelyore, pou mete yon kwazman nan nivo teren an nan Cross Street; sa pral pèmèt retire pon ki pase anlè a.
- Estasyon otobis flotan yo pral amelyore sèvis otobis la, an menm tan y ap sèvi pyeton ak bisiklèt.
- Pral gen plis espas vèt ak lonbraj, avèk pyebwa ak vejetasyon y ap plante yo.

Konsepsyon Modèl



Pwosesis Modèl sou Sipèvizyon Kominotè

McGrath Boulevard Project Development Working Group bay MassDOT enfòmasyon ak konsèy, epi ede li devlope konsepsyon modèl la. Working Group la (Gwoup Travay) genyen ladan li ògànezasyon ki base nan kominote a, ajans publik, ofisyèl kominote a chwazi, ak lòt moun ki enterese. Yo te evalye plizyè opsyon pou modèl, tankou kwazman potansyèl ak konfigurasyon entèsekson. Apre yon konsansis pou chwa modèl, se modèl pi wo la a ki te chwazi kòm "altènativ prefere".

Kisa McGrath pral sanble pi ta?

Pon ki Pase Anlè Kounye a

Jan li parèt nan entèsekson Washington Street nan Somerville



Boulva yo Pwopoze a

Jan li parèt nan entèsekson Washington Street nan Somerville



Kisa k ap vini apre?

Pandan tout tan MassDOT ap vanse nan modèl la, pral gen opòtinite pou reseva kòmantè. Dènye modèl la sanse fini anvan 2028 pase, epi lè sa a travay konstriksyon yo ap kòmanse.